# ЛIагъэхэм къахэтэджыкIыжьыгъэм сыдэущтэу уеплъыра?

## Зэхэзыгъэуцуагъэр Чарльс Марш

ЛIагъэхэм къахэтэджыкIыжьыгъэ Христос сыдэущтэу уеплъыра? Джэуапэу мыупчIэм ептыщтым зэкIэ епхыгъ: мы дунаим насыпэу щыбгъотыщтри, адрэ дунаим къыщыохъулIэщтри. Бэ темышIэу Исус мы дунаим къэкIожьыщт ыкIи ар къызыкIожькIэ, бэшIагъэу дин егъэджакIохэм зэряупчIыгъагъэм фэдэу, ори къыоупчIыщт: «О сыдэущтэу укъысхаплъыра?»

Сэ сыхристиан. Уиныбджэгъу сыхъунэу сыфай. Исус зыщыщыр о пшIэмэ пшIоигъу. А IофышхомкIэ зыми земыгъэгъапцI. ЦIыфыбэмэ Исус пегъымбарым е цIыфышIум нэмыкIэу алъытэрэп, ау ежь пегъымбарми, цIыфышIуми анахьи нахь ин. Ежь фэбгъэдэн цIыф зи щыIэп, щыIагъэп ыкIи щыIэщтэп мы дунаими, адрэ дунаими.

**Исус икъэхъукIэ сыдэущтэу уеплъыра?**

Исус къызэрэхъугъэм фэдэу цIыф гори къэхъугъэп. Ар Мерэм ыкъу. Исмахьил Ибрахьим ыкъокIэ, Иуан (Яхьяр ары) Зэкъарием ыкъокIэ яджэх. НэмыкI лIыхэм ятэхэм ацIэкIэ яджэх, Исус янэ ыцIэкIэ сыд зыкIеджэхэрэр? Исус мы дунаим ятэ зэрэщыримыIагъэр ары янэ ыцIэкIэ зыкIеджэхэрэр. Исус къызфэхъугъэр пшъашъэу Мерэм ары. ЛIы горэм иIоф хэмылъэу, Тхьэм илъэкIыныгъэкIэ Мерэм лъэрмыхь хъуи, къыфэхъугъ кIалэ – Исус ары.

Исус къэхъуным ыпэкIэ илъэс шъибл щыIэу пегъымбар Ешайэ Исус икъэхъукIэ икъэбар къыIуагъ (Пегъымбар Ешайэ ытхыгъэ тхылъыр 7:14). Пегъымбар Ешайэ къызэриIуагъэм фэдэуи хъугъэ. Исус икъэхъукIэ Маттэ 1:18-25 ит.

Тятэу Адамыр Тхьэм чIым къыхигъэхъукIыгъ, тэри пегъымбархэри Адам тырибын. Тэ мы дунаим тыщыщ, ау Зиусхьанэу Исусыр уашъом къехи, мы дунаим къытехьагъ. Ежь ос фыжьым фэдэу къэбзагъ. Адрэ цIыфхэр зэкIэ чIыгум фэдэхэу шIуцIэхэу, мыкъабзэхэу, псэкIодым ыгъэкIодыгъэх. Инджылым Исус Христос мы дунаим къызфэкIуагъэу итыр псэкIодышIэхэр мыкIодхэу къыгъэнэжьынхэм пай (1 Тим. 1:15). Ежь хымэм фэдэу къэкIуагъ. Мы дунаим къэкIоным ыпэкIэ, Тхьэм ыдэжь щыIагъ. ТымыкIодэу тыкъыгъэнэжьыным пае, мы дунаим къэкIонэу тыриубытагъ. ЦIыф Iэпкъ-лъэпкъ иIэ хъуи, цIыфэу тичIыгу къытехьагъ. ЫпшъэкIэ къикIэу мы дунаим къэкIуагъ.

Зы мафэ горэм лIитIу мэшэ куум зэдифагъ. Зым адрэм риIуагъ:

- Мы чIыпIэ дэим сыхэщыжь!

- О тхьамыкI, - къыриIожьыгъ адрэм, - о узэрыфагъэм сэри сифагъ.

ТIури мэшэ куум зэдифагъэхэти, зыр адрэм дэIэпыIэн ылъэкIыгъэп. Ащыгъум ыпшъэкIэ къикIэу, лIитIум макъэ горэ зэхахыгъ: „Мы кIэпсэшхор къэшъуубыт".

Машэм имыфэгъэ лIым ахэр мыкIодхэу къыгъэнэжьынхэ ылъэкIыгъ. ЫпшъэкIэ щыIэр ахэмэ адэIэпыIагъ. Ащ фэдэу Тхьэм мэлэIичхэр ыгъэкIуагъэх Исус къызэрэхъугъэмкIэ цIыфхэм макъэ арагъэIуным пае. Ар сыдэу гъэшIэгъон! Ар сыдэу дахэ!

Аущтэу Исус къызэрэхъугъэм фэдэу, цIыф гори къэхъугъэп.

**Исус ишэн сыдэущтэу ухаплъэра?**

Исус ишъыпкъагъэ щыкIагъэ гори зимыIэгъэ цIыф. ПсэкIод зи ышIагъэп. ЕгъашIэми хэукъуагъэп. „Къысфэгъэгъу", къыIонэуи ищыкIэгъагъэп. Хэти Тхьэм щыщынэрэм ипсэкIодхэр Тхьэм ыпашъхьэ рилъхьэхэзэ, „къысфэгъэгъу" ыIозэ, елъэIун фае. Дауги Ибрахьими ар ашIагъ. Шъыпкъэм уфаемэ, мафэ къэс шъэныкъорэ ипсэкIодхэр Тхьэм ыпашъхьэ рилъхьэхэзэ, „къысфэгъэгъу" ыIоу, зэрелъэIурэр пегъымбар горэм къыIожьыгъ. Исус „къысфэгъэгъу" ыIоу, Библиеми нэмыкI тхылъ лъапIэ горэми чIыпIэ закъуи итэп. Зыгорэм ежь къыфигъэгъунэу ищыкIэгъагъэп, псэкIод зи телъыгъэп. Игъогу рыкIохэрэм ежь ехьылIагъэу атхыгъ: «Ежь псэкIод зи ышIагъэп, узгъэпцIэн гущыIи ыжэ                                                   къыдэкIыгъэп». Ауштэу зыIуагъэхэр Исус илъэсищэ игъусагъэхэу, ежь зыфэдэр дэгъоу зышIэщтыгъэхэр ары. Пегъымбархэм япсэк  Iодхэр Тхьэм ыпашъхьэ зыралъхьэхэкIэ, Тхьэм ахэр къафигъэгъущтыгъэх, ау Исус псэкIод зи зэримышIагъэм пае, зыгорэм ежь псэкIод къыфигъэгъунэу ищыкIэгъагъэп. Сыд фэдэ псэкIоди телъыгъэп. Ипыихэми мырэущтэу ариIуагъ: „Сэ псэкIод сшIагъэу, шъуащыщ горэм къыушыхьатын ылъэкIына?" Зыми Исус псэкIод закъуи ышIагъэу къыгъэлъэгъон ылъэкIыгъэп. Тэ тщыщэу зыгорэ щыIа, ипыихэм арэущтэу ариIон ылъэкIынэу?

Исус хьыкумышIэу Пилат ыпашъхьэ ращи, тхьэгъэпцIыгъэкIэ зыгорэ тыралъхьагъ, ау Пилат мыхъун гори Исус хилъэгъуагъэп. Арышъ, Пилат цIыфхэм апашъхьэ ыIэхэр щитхьакIыжьхи, къыIуагъ: „Мы лIэу шъыпкъагъэ зихэлъым ылъ сэ къыстерэмыф".

Исус нэмыкIэу псэкIод зымышIэгъэ цIыф гори мы дунаим тетыгъэп ыкIи тетыщтэп. ПсэкIод зи зымышIэгъэ пегъымбар закъор Исус ары.

**Исус къыIогъэ гущыIэхэм сыдэущтэу уахаплъэра?**

Мафэ горэм Исус аубытыным пае, ипыихэм хъулъфыгъэхэр агъэкIуагъэх, ау къамыубытэу къагъэзэжьыгъ. «А лIыр къызэрэгущыIэрэм фэдэу  зы цIыф егъашIэм гущыIагъэп", - аIуагъ ахэмэ (Иуан 7:46). Мы гущыIэхэу къыIуагъэхэм ягупшыс: „Дунаим инэфынэ сэры. Сэ сауж къырыкIорэр шIункIым хэтэу зекIощтэп, щыIэныгъэм инэфынэ ыгъотыщт нахь". А гущыIэхэм Исус къаригъэкIырэр лIыжъ горэм зэхысигъэшIыкIыгъ. А лIым къысиIуагъэр мары: «Пегъымбархэр мазэм фэдэх. Мазэр чэщым щэнэфы. Пегъымбархэм Тхьэм инэфынэ мы дунэе шIункIымрэ тхьамыкIэмрэ къафахьыгъ. Пегъымбарыр мэзэ ныкъом фэд. Ар нахьыбэрэмкIэ къепсы, мэзэ изы хъуным нэсыфэ, ау етIанэ инэфынэ нахь макIэ мэхъушъ, малIэ. Ау умыщын. Сыда пIомэ нэмыкI мазэм адрэм ычIыпIэ ыубытыщт. Пегъымбархэм яIоф зытетыр ащ фэд. Ахэр къэкIуагъэх, зыр адрэм ыуж. Зым Тхьэм икъэбар къыхьыгъ, етIанэ ар дунаим ехыжьи, ычIыпIэ нэмыкI пегъымбар горэм къыфигъэнагъ. Хэтрэ лъэпкъи Тхьэм инэфынэ щыщ ыгъотыгъ. ЦIыфхэм алэжьыхэрэ динхэр шъэф остыгъэм е мазэм инэфынэ фэдэх. Ау тыгъэр къызыкъокI ужым, хэт нэфынэ макIэм фэещтыр? ЦIыф зи ащ фэещтэп. Исус къыIуагъ: „Дунаим инэфынэ сэры". Исус ары „шъыпкъагъэм инэфынэ". Тыгъэр нахь макIи, нахь цIыкIуи хъурэп. Тыгъэр лIэрэп, кIуасэрэп, сыдигъуи дунаим къыщепсы. Исус Христос тыгъэм фэд. ЕгъашIэми нахь цIыкIу

хъурэп. Ар тыдрэ хэгъэгуи, хэтрэ цIыфи ишIуагъэ ригъэкIыным ыуж ит. Мырэущтэу къыIуагъ:

„Гъогури, шъыпкъагъэри, щыIэныгъэри сэры". Пегъымбархэр зэкIэ къэкIуагъэх, цIыфхэр Тхьэм ыдэжь кIорэ гъогум тырагъэхьэнхэм пае. Ахэмэ аIуагъ: „Мыр Тхьэм игъогу! Мыр шIэ! Мыры гъогур! Тхьэм иунашъохэм ядэIу". Ау Исус къыIуагъ: „Гъогур сэры. Сауж къырыкIу!"

КIэлэцIыкIу горэ къэлэ ин горэ къыкIухьэзэ, гъощагъэ. КIалэр цIыкIути, зыфаер цIыфхэм тэрэзэу агуригъэIон ылъэкIыгъэп. Иунэ кIорэ гъогур къыгъэлъэгъонэу лIы горэм еупчIыгъ. А лIым къыIуагъ: «Мы урамым техь, ятIонэрэ урамым ыдэжь сэмэгумкIэ гъазэ, етIанэ ящэнэрэ урамым ыдэжь джабгъумкIэ гъазэ, лъэмыджым зэпырыкI...» КIалэм адрэм къыIуагъэхэр къызэрэгурымыIуагъэхэм пае, гъэу ыублъагъ. А лIым зэрыкIон фэе гъогур къыриIогъагъ, ау кIалэр а гъогум рыкIон ылъэкIыгъэп. Ащ дэжьым кIалэм икъуаджэ щыщ лIы горэ къыIухьагъ. Ащ кIалэм ыIапэ ыубытыгъ. ЕтIанэ кIалэр зэпшъым, лIым ар ыIэти, ятэ-янэхэм адэжь ыхьыжьыгъ. Апэрэ лIым кIалэм гъогур ригъэлъэгъугъ, ау ятIонэрэ лIыр гъогу фэхъугъ. Исус къыIуагъ: „Гъогур сэры, Ты лъапIэм ыдэжь гъогоу кIорэр сэры".

Гъэсэпэтхыдэхэу Исус къыIуагъэхэм сыдэущтэу уахаплъэра? Мы гущыIэхэу Исус къыIуагъэхэм сыд еплъыкIэ афыуиIа? „ЗэкIэ улэугъэхэу, хьылъэ онтэгъу зытелъхэр, садэжь шъукъакIуи, гупсэфыныгъэ шъостыщт" (Маттэ 11:28).

Исус игущыIэхэм сыдэущтэу уахаплъэра? Ежь къызэрэгущыIагъэм фэдэу, зы нэбгырэ гори егъашIэм гущыIагъэп.

### Исус ыцIэхэмрэ зэреджэхэрэмрэ сыдэущтэу уахаплъэра?

Хэтрэ пегъымбари ежь иунаеу цIэ иI. Ибрахьимэ „Тхьэм иныбджэгъукIэ" еджэх. НэмыкI горэм „Тхьэм икIасэкIэ" еджэх. Ау цIыфым хэт нахьышIу ылъэгъурэр? Иныбджэгъуа, хьауми ежь ыкъуа? Ежь ыкъоба? Исус адрэ цIыф пстэуми зэрафэмыдэр аригъэшIэным пае, Тхьэр Исус ежь ы-КъокIэ еджэ. Тхьэм ащ сыд къыригъэкIырэр? Тэ зэрэтIорэмкIэ, ыкъо ятэ фэдэ къабз. Исус къыIуагъ: „Сэ сызылъэгъугъэм Ты лъапIэр ылъэгъугъ" (Иуан 14:9). Ыкъо ятэ ычIыпIэ ихьан ылъэкIыщт, ятэ ычIыпIэкIэ Iоф ышIэни гущыIэни фит. Джары Исус мы дунаим зыщэIэм ышIагъэр. Ащ пае Исус Тхьэм и ГущыIэкIи еджэх. Тхьэр Исус ыжэкIэ къэгущыIагъ. Арышъ, Исус ыцIэхэри адрэ цIыфыцIэхэм афэдэхэп.

### Исус лъэкIышхоу иIэм сыдэщтэу ухаплъэра?

Исус ымышIэшъун Iоф зи щыIэп. ЛъэкIышхо пстэури тетыгъошхо пстэури ежь ыIэ

илъ. Шъыпкъэм уфаемэ, Исус мы дунаим зытетым, Тхьэм ышIэрэ Iофхэм ащыщэу Исус ымышIагъэ зи щыIэп. Тхьэм нэмыкIэу хэт лIагъэхэр къэзгъэтэджыжьышъущтыр? Исус лIагъэхэр къыгъэтэджыжьыгъэх. Тхьэм нэмыкIэу хэт шъоджэ уз зиIэхэр зыгъэхъужьышъущтыр? Исус шъоджэ уз зиIэхэр ыгъэхъужьыгъэх. Тхьэм нэмыкIэу хэт нэшъухэм анэхэр къэзгъэплъэжьышъущтыр? Исус а Iофхэр зэкIэ ышIагъ. Сыдрэ уз лъэпкъи ыгъэхъужьыгъ. Ымыгъэхъужьышъунэу цIыф зи щыIагъэп. ДжынапцIэхэр гущыIэ закъокIэ цIыфхэм ахифыгъэх. ЦIыфхэм агухэм псэкIодхэр

ариукъэбзыкIыжьыхэзэ, агухэм арылъыр зэблъихъугъ. Пегъымбархэм Тхьэм ыцIэкIэ Iофышхо шIагъохэр ашIэщтыгъэх, Тхьэм ыцIэкIи цIыфхэр агъэхъужьыщтыгъэх, ау Исус Зиусхьаным Тхьэм ыцIэкIэ цIыфхэр ыгъэхъужьхэу ихэбзагъэп, ежь илъэкIыныгъэкIи, ежьым ыцIэкIи ыгъэхъужьыгъэх нахь. ЛIэу илъэс щэкIырэ ирэ зылъакъохэм атеуцон зымылъэкIыгъэм риIуагъ: „Сэ осэIо: къэтэдж, къэкIухь". Джащыгъум лIыр къэтэджи, къыкIухьагъ. Исус узхэр зыгъэхъужьын уцхэр сымаджэхэм аритыгъэп. Ежь ыцIэкIи ежь илъэкIыныгъэкIи цIыфхэр ыгъэхъужьыгъэх.

Лазар зыцIэ лIы горэ сымэджэ Iае хъугъэ. Сымаджэ зэхъум, Исус къэкIонэу макъэ рагъэIугъ. Ау Исус къэкIоным ыпэкIэ, Лазар дунаим ехыжьи, чIалъхьажьыгъ. Исус къызэсым, Лазар зычIалъхьажьыгъэр мэфиплI хъугъагъэ. Исус къэунэм кIуи, Лазар риIуагъ: «Джыдэдэм къычIэкI!» (Иуан 11:43). Лазар къэунэм къычIэкIыжьыгъ. Исус щэч хэмылъэу къыгъэлъэгъуагъ лIагъэхэр къыгъэтэджыжьынхэу лъэкIыныгъэ зэриIэр. „ЛIагъэхэр къэзгъэтэджыжьхэу, щыIэныгъэр язытырэр сэры", - ыIуагъ Исус (Иуан 11:25). Къэунэхэм ачIэлъ пстэуми Тхьэм ы-Къо ымакъэ зэхахынышъ, къазыщычIэкIыжьыщтхэ мафэр къэкIощт. Ори дунаим уехыжьыгъахэу хъумэ, къэм укъычIэкIыжьыщт, пегъымбар Мусэри, Ибрахьими, адрэ пегъымбархэри ары. Ау джыдэдэми Исус щыIэныгъакIэу, Тхьэм ыдэжь къикIырэ щыIэныгъэу мыкIодыжьыщтыр къыуитын елъэкIы. Ежь дунаим тыдэкIи цIыфхэм ящыIакIэ щызэблихъун елъэкIы. О уищыIакIи зэблъихъун ылъэкIыщт. Исус илъэкIыныгъэшхо сыдэущтэу ухаплъэра? Ащ фэбгъэдэн цIыф гори щыIэп.

**Исус къинэу ыщэчыгъэхэмрэ илIакIэрэ сыдэущтэу уахаплъэра?**

Исус илIакIэ сыдэущтэу ухаплъэра? О узщылIэщтыр ошIа, хы гъогур ара, лъэс гъогур ара, уипIэ фабэ ара? ЕтIанэ уилIакIи сыдэущтэу хъущтэу къыпшIошIыра? МашIом уистыщта, лъэгапIэ горэм укъефэхыщта, уихьадэгъу къэсынышъ улIэщта? Узэу узэрылIыкIыщтыр сыдым уигъашIэра? ЕтIанэ узылIэщт мафэр ошIа? Илъэс тхьапшым уитэу улIэщта? Сыд мафэу, сыд мазэу пшIэрэ узылIэщтыр? ЕтIанэ узылIэрэ ужым, сыда къэхъущтыр? Оррэ сэррэ мыхэр зэрэтымышIэрэр нафэ. А Iофхэр зыIэ илъыр Тхьэр ары. Ау Зиусхьанэу Исус зыщылIэщт чIыпIэр ышIэщтыгъ, игъогу рыкIохэрэм ар ариIотагъ: Ерусалим ары. Ежь зэрэлIэщт шIыкIэр зэкIэ къызэлъиубытэу игъогу рыкIохэрэм ариIотагъ (Лука 18:31-33). ЗылIэщтри игъусэхэм ариIотагъ; Пасхэ зыцIэ мэфэшхор агъэлъэпIэным пае, джуртхэм мэфэшхо мафэу шъынэр зыщышIуабзырэм ежь Тхьэм къыгъэкIогъэ шъынэу цIыфхэм япсэкIодхэр атезыхыжьырэм фэдэу лIэн фэягъ. ЕтIанэ зылIэрэ ужым мэфищ тешIагъэу лIагъэхэм къызэрахэтэджыкIыжьыщтыр къыIуагъ. Исус къызэриIогъагъэм фэдэу хъугъэ. Ежьым аущтэу зэрэхъущтыр ышIэщтыгъ. Ежь адрэ цIыфхэм афэдагъэп. Тэ ащ фэдэ Iофхэр тшIэрэп. Пегъымбархэми ашIагъэп. Тэ тызылIэщт мафэри, тызэрэлIэщт шIыкIэри, тызщылIэщт чIыпIэри Тхьэм еухэсы.

Ау Исус къыIуагъ: „Сэ спсэ зыми стырихырэп, сэр-сэрэу ар сэты. Ар стынэуи къезгъэгъэзэжьынэуи лъэкI сиI" (Иуан 10:18). Исус псэкIод зи ышIагъэп. ПсэкIод зи зэримышIагъэм пае, лIэныгъэм ыIэчIэгъ чIэтыгъэп. МылIэу уашъом дэкIоежьын ылъэкIыщтыгъ. Ау щытми, адрэ цIыфхэм ачIыпIэкIэ лIэнэу зытырилъхьажьыгъ. Тэщ пае ыпсэ ытыгъ. ТипсэкIодхэр ттырихыжьынхэм пае, ыпсэ ытыгъ. Ощ паий лIагъэ. Ежьыр ары Мэлэхъо Дэгъоу имэлхэм апае зыпсэ зытыгъэр. Ежь ышIагъэр цIыф горэми егъашIэм ышIагъэп.

**Исус лIэныгъэм зэрэтекIуагъэм сыдэущтэу ухаплъэра?**

Исус ыпсэ ыти, цIыфхэм чIалъхьажьыгъ. Ипыихэм Исус къэунэм къычIагъэнэнэу яшъыпкъэу ыуж итыгъэх. Мыжъошхо къэунэ чIэхьапIэм IуагъэукIорэежьыгъ. Мыжъом мыхъур тырадзагъ, етIанэ ухъумакIохэр къэунэм Iуагъэуцуагъэх. Исус зэрэлIагъэм щэч зи хэлъыгъэп, ау щытми ежь къэунэм къычIагъэнэным лъэшэу пылъыгъэх. Ау Исус лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьыгъ, игъогу рыкIохэрэм псаоу заригъэлъэгъугъ. Петрэ псаоу зыригъэлъэгъугъ, етIанэ Мерэм, етIани нэбгырэ шъитфым къехъумэ псаоу заригъэлъэгугъ. Ежь къызэриIогъагъэм фэдэу, лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьыгъ. Тхьэм Исус иIоф зэридагъэр цIыф пстэуми аригъэлъэгъуным пае, Исус лIагъэхэм къахигъэтэджыкIыжьыгъ. Ежь лIагъэхэм къызахэтэджыкIыжь ужым, а цIыф пстэуми анитIукIэ Исус алъэгъугъ, теIэбагъэх, дэшхагъэх, дешъуагъэх.

ЫIэхэмрэ ылъакъохэмрэ ателъ гъучIыIунэ уапIэ гъуанэхэри аригъэлъэгъугъэх.

ЛIэныгъэр пыишху. О улIэн фае, сэри сылIэн фае. Пегъымбархэри лIагъэх, къагъэзэжьыгъэп. Ау Тхьэм щытхъушхор ий, Исус Христос лIэныгъэм текIуагъ. Ежь непи псэоу щыI. Ежь игъогу рыкIохэу, Тхьэм ыдэжь кIохэрэр мыкIодхэу къыгъэнэжьынхэу Ащ лъэкI иI. НэмыкI пегъымбар горэ щыIа, зэлIэ ужым къэтэджыжьыгъэу? Хьау, щыIэп. Исус закъор ары лIагъэхэм къахэтэджыкIыжьыгъэр.

**Исус уашъом зэрэдэкIоежьыгъэм сыдэущтэу уеплъыра?**

Инджылым щыщ Апостол 1:9-14 ыкIи Фил. 2:6-11 едж. „Уашъом щыIэу анахь чIыпIэ лъагэр ыубытынэу хэт шъузыфаер?" - сIоу, джурт куп сеупчIымэ, зэкIэми «Пегъымбар Мусэ», - къаIощт. Бысльымэн куп сеупчIымэ, ежьхэм япегъымбар ыцIэ къаIощт. Христианхэми сяупчIымэ, Исус къаIощт. Ау Тхьэр джуртхэми, бысльымэнхэми, христианхэми яупчIыгъэп. Тхьэм Исус ыгъэини, цIэ пстэуми анахь цIэшхор ритыгъ. Ар зышIагъэр Тхьэр ары. Зыгу пэгагъэ илъ цIыфхэри Исус ыпашъхьэ лъэгъонджэмышхьэкIэ щытIысынхэ фае.

**Исус мы дунаим къызэригъэзэжьыщтым сыдэущтэу уеплъыра?**

Исус мы дунаим къыгъэзэжьыщт. Ежь аущтэу къыIуагъ (Иуан 14:1-3). МэлэIичхэми аущтэу къаIуагъ (Апост. 1:11). Христиан пстэури Исус икъэкIожьын пэплъэх. Исус тетыгъо иIэнэу къызэригъэзэжьыщтыр адрэ динхэр зылэжьыхэрэми ашIэ. Игъогу тетхэр ежь уашъом щыригъусэнхэм пае зыдищэжьынхэу къэкIожьыщт. Дунаим зэкIэ тетыгъо фыриIэнэу къэкIожьыщт. Ежь дунаим ипачъыхь. Ипый пстэури ылъэгу чIэгъ чIигъэуцофэхэ нэс, тетыгъо иIэн фае. Исус илъэс тIокIитIу тетыгъо иIэнэу къэкIожьыщт зыIорэ гъощэгъэ цIыфхэр щыIэх. Ау Исус егъашIэми тетыгъо иIэнэу къэкIожьыщт. Шъыпкъэ, Исус бэ темышIэу къэкIожьыщт. Ащыгъум ежьыр пачъыхьэхэм зэря Пачъыхьэм, зиусхьанхэм зэря Зиусхьаным хэти еуцолIэщт. Ежь къэкIожьыщт. Ащ ыпашъхьэ ори уиуцон фае. Ежьыр ары цIыфхэм хьыкум атезышIыхьащтыр. Ащ ыпашъхьэ узиуцокIэ, къыоупчIыщт: „О зэрэпшIошIырэмкIэ, хэт сыщыщ?" Сыда къэпIощтыр? „Пегъымбархэм уащыщ", - епIомэ, „Сиунашъохэм сыда узкIямыдэIугъэр?" - ыIонышъ, къыоупчIыжьыщт. Ежь фэбгъэдэн цIыф зэрэщымыIэзэ, пегъымбархэм зэрафэбгъэдагъэм пае, уигъэмысэщт. ЦIыфхэр мыкIодхэу къэзгъэнэжьын зылъэкIырэ закъор Ежьыр ары. Хэта тетыгъо иIэнэу къэкIожьыщтыр? Пегъымбар Мус ара, пегъымбар Ибрахьим ара, пегъымбар Даут ара, нэмыкI пегъымбар гора? Хьау, Исус ары. Зиусхьанэу Исус ары къэкIожьыщтыр, Ежьыри ары цIыфхэм хьыкум атезышIыхьащтыр. Аущтэу зэрэхъущтыр Тхьэм къыгъэлъэгъуагъ, Исус лIагъэхэм къызэрахигъэтэджыкIыжьыгъэмкIэ. Исус къэкIожьыщт. Пстэуми ар алъэгъущт.

**Исус о пшIэнхэу зыфэехэм сыдэущтэу уяплъэра?**

Исус къеIо: „Садэжь шъукъакIуи, гупсэфыныгъэ шъостыщт" (Маттэ 11:28). О Ежь ыдэжь укIонэу непэ къыоджэ. Исус апэрэ цIыфхэр игъогу рыкIонхэу къызяджэм, ахэм яунэхэри, ятэ-янэхэри, ясэнэхьатхэри - зэкIэ яIагъэр абгыни, Исус ыуж ихьагъэх. Ори ар пшIэнэу къыоджэ. О ежь ущыгугъынэуи, умыкIодэу укъыгъэнэжьынэуи, ЕжьыркIэ шIошхъуныгъэ уиIэнэуи къыоджэ, Ежь ыIэ зиплъхьанэуи къыоджэ. ЗэкIэ Ежьым ыIэ иплъхьанэу къыоджэ. КъызэриIорэм фэдэу, Ежь Зиусхьанэу, Тхьэм ы-Къомэ, о пшIэнхэу Ежь зыфэехэр тэрэзых, шъыпкъагъэми тетых. ИкъэхъукIэкIи, ищыIакIэкIи, ишэнкIи, ыцIэхэмкIи, игущыIэхэмкIи, илъэкIыныгъэшхокIи, къинэу ыщэчыгъэхэмкIи, илIакIэкIи Ежь фэбгъэдэн цIыф зи щыIэп. Непи Ар псау. Ежь щыгугъыхэрэм ягъус. ЕжьыркIэ шIошъхъуныгъэ зиIэхэм апае Тхьэм елъэIу. Ежь бэ темышIэу дунаим къэкIожьыщт. Уашъоми, чIылъэми ащыпсэоу Ежь фэбгъэдэн цIыф зи щыIэп. Ащ пае оркIи Пачъыхьэу ыкIи Зиусхьанэу Ар хъун фае.

Мы тхылъым ехьылIэгъэ шъуишIошIхэр къытфэжъугъэхьыхэмэ, тигопэщт. Къытфэшъутх мыщ фэдэ адресымкIэ:

Licht im Osten, Postfach 1340, 70809Korntal,Germany